

AVI SOU ODYANS PIBLIK OSIJÈ

Norwood Hospital
800 Washington Street, Norwood, MA 02062

Ministè pou sante piblik Massachusetts la (The Massachusetts Department of Public Health) ("Ministè" a) resevwa avi ki di Steward Health Care System gen lentansyon fèmen an pèmanans Norwood Hospital ("lopital" la) nan Norwood ansanm ak kat (4) lopital satelit yo : Foxboro CT, Foxboro ; Norwood Hospital Cancer Center, Foxboro ; Guild Imaging Center, Norwood ; e Norwood Performance Therapy, Norwood.

Ministè a ap gen odyans piblik an vèti atik 105 CMR 130.122(D), an pèsòn e vityèl nan konferans nan telefòn, pou ede piblik la gen aksè ladan. Odyans sa yo pa gen fòm jiridik men y ap yon fowòm piblik pou prezantasyon tout kòmantè ki gendwa enpòtan pandan Ministè a ap konsidere chanjman ki pwopoze a.

Odyans an pèsòn la ap fèt **lendi 21 oktòb 2024 a 6:00 p.m.**, nan Four Points, Sheraton Norwood Hotel and Conference Center, 1125 Boston Providence Turnpike, Norwood, MA 02062.

Ki dat : lendi 21 oktòb 2024
Ki lè : 6:00 PM
Ki kote : Four Points by Sheraton Norwood Hotel and Conference Center,
1125 Boston Providence Turnpike, Norwood, MA 02062

Odyans vityèl la ap fèt **madi 22 oktòb 2024 a 6:00 p.m.** Manm piblik la e lòt pati ki enterese gendwa patisipe nan odyans lan nan telefòn apati enfòmasyon ki annapre la a:

Ki dat : madi 22 oktòb 2024
Ki lè : 6:00 PM
Nimewo telefòn : 888-324-7183
Modpas : 9395560

Kòmantè alekri sou sijè sa a gendwa soumèt bay Department of Public Health, Division of Health Care Facility Licensure and Certification, Attn: Licensure Coordinator, 67 Forest Street, Marlborough, MA 01752 oubyen nan imèl bay HFLLicenseAction@Mass.Gov. Kòmantè ap aksepte jouk minui sonnen le 22 oktòb. Tout kòmantè alekri ki soumèt bay Ministè a gendwa afiche sou sit entènèt Ministè a e gendwa distribye kòm repons nan demann pou dokiman piblik.